

**School District of Philadelphia (Distri Lekòl  
Philadelphia): Liy Direktiv pou Enskripsiyan an**

**Apèsi:**

Lè yon elèv aplike pou admisyon nan nenpòt lekòl, se responsabilite lekòl la pou finalize enskripsiyan an si li rezide nan zòn rekritman an, oubyen jwenn imedyatman divès enfòmasyon presi sou kote elèv la dwe postile a. Tout enskripsiyan nan SIS pou elèv yo nan lekòl yo ki nan vil la, lekòl ki baze sou kritè, ak nan lekòl ki deyò zòn rekritman elèv la dwe fèt pa Biwo Enskripsiyon ak Plasman Elèv la. Dokiman enskripsiyon yo pral kolekte ak egzamine nan lekòl la.

**Pwosedi yo:**

Yon timoun dwe gen pèmisyon pou ale lekòl nan pwochen jou lekòl la aprè jou kote timoun lan prezante pou enskripsiyan an, epi nan tout ka yo nan espas (5) jou ouvrab aprè distri lekòl la fin resevwa dokiman ki rekòmande yo. [22 Pa. Kòd §11.11\(b\)](#).

**Enfòmasyon yo mande yo:**

Nan kad efò Distri a ap fè pou kenbe yon anviwònman san danje pou elèv yo, lekòl yo kapab mande sa ki swiv yo:

- Yon kopi idantifikasiyon imaj paran/gadyen an kapab mande **men pa obligatwa** pou enskripsiyan an. Yon fwa yo fin bay yo, yon kopi foto pyès idantite pral kenbe nan dosye nan objektif pou verifye idantifikasiyon moun ki gen otorizasyon pou akonpànye timoun lan pou ale ak sòti lekòl la.
- Anplis de sa, lekòl la **kapab mande** pou dosye medikal oubyen egzamen fizik, dosye akademik, dosye prezans, Pwogram Edikasyon Endividyalize, ak lòt dosye edikasyon espesyal yon jan pou elèv la kapab plase nan nivo klas/salklas apwopriye avèk nivo sipò apwopriye a.

Tanpri sonje: Byenke lekòl yo kapab mande enfòmasyon sa yo, yo pa kapab egzije yo kòm yon kondisyon pou enskripsiyon oubyen admisyon yon timoun epi yo pa kapab retade enskripsiyon oubyen prezans yon timoun jiskaske dokiman sa yo rive founi. Lekòl la kapab fè swivi avèk paran/gadyen an pou enfòmasyon sa a aprè timoun lan te fin enskri nan lekòl la.

**Dokiman Obligatwa yo:**

**I. Prèv laj timoun lan (Youn nan sa ki vini an apre yo ap obligatwa)**

Dokiman ki akseptab yo gen ladan yo (sa ki vini an apre yo se egzanp men se pa yon lis ki konkli):

- Akt-de-nesans timoun lan
- Kopi notarye akt-de-nesans timoun lan
- Paspò valid timoun lan
- Sètifikasi batèm oriijinal ki endike dat nesans timoun lan
- Kopi dosye batèm – notarye oubyen sètifye selon lalwa epi ki montre dat nesans lan

- Deklarasyon notarye paran yo oubyen yon lòt pwòch paran ki endike dat nesans lan
- Dosye lekòl avan yo ki endike dat nesans lan

## 2. **Dosye Vaksinasyon**

### **Egzanp Vaksinasyon**

1. *Egzanpsyon medikal* Timoun yo pa dwe vaksinen si yon medsen oubyen prezantant li founi yon deklarasyon ekri kote yo mansyone vaksen an kapab pote domaj pou sante timoun lan. Lè doktè a detèmine ke vaksinasyon an p ap lakoz domaj sou sante timoun lan ankò, timoun lan pral pran vaksen selon sou-chapit ki prezan an. Fanmi yo dwe soumèt yon [fòmilè egzansyon](#) pou enfimyè lekòl la.
2. *Egzansyon relije* Timoun yo pa dwe vaksinen si paran, gadyen oubyen timoun ki emansipe a opoze alekri vaksinasyon an pou divès rezon relijye oubyen sou baz yon moral ki fò oubyen yon konviksyon etik a yon kwayans relijye. Fanmi yo dwe soumèt yon fòmilè egzansyon pou enfimyè lekòl la.

Tanpri sonje: Si yon elèv te apèn kòmanse yon seri pou chak tip piki, yo kapab enskri. Elèv la dwe nan pwosesis la epi swiv kwonoloji seri a (pa egzanp, elèv la apèn sot pran premye piki a epi li pral pran dezyèm (2) piki a nan trant jou apre premye piki a). Tanpri, klike isit la pou wè kondisyon vaksinasyon pou antre lekòl la.

## 3. **Prèv Adrès**

Nan objektif pou etabli rezidans nan distri lekòl la, paran/gadyen an pral bezwen founi yon deklarasyon Pwopriyete (Deed), Ipotèk (Mortgage), oubyen yon kontra Iveyaj ankou ki konplè epi ki siyen antyèman ak **yon lòt fòm dokiman rezidans ki apwouve.**

**Si yon deklarasyon Pwopriyete, Ipotèk oubyen yon kontra Iveyaj ankou ki konplè pa kapab founi, paran/gadyen yo dwe founi twa (3) fòmilè dokiman rezidans apwouve yo.** Distri a kapab fè yon vizit adomisil pou verifye rezidans. Si yon vizit adomisil rive fêt, vizit sa kapab kalifye kòm yon (1) prèv rezidans.

Dokiman rezidans ki apwouve yo gen ladan yo:

|  |  |
|--|--|
| Fèy Règleman HUD   | Asirans Lokatè/Pwopriyetè                              |
| Bòdwo Sèvis Piblik Aktyèl - Elektrisite/Dlo/Egou/Gaz/Petwòl/Kab/Entèn èt       | Talon Pèman Resan Anplwayè a ki endike adrès aktyèl la |
| Fakti Telefòn Lakay oubyen Selilè  | Lèt ki soti nan Biwo Sekirite Sosyal / Asistans Piblik |
| Deklarasyon IRS oubyen Lòt Salè ak Deklarasyon Enpo, pa egzanp, W2, 1040, 1099 | Fakti Kat Kredi Resan                                  |

|                           |  |
|---------------------------|--|
| Enskripsyon Veyikil Resan | Relve Bankè Resan avèk Adrès Aktyèl la |
|---------------------------|--|

\*\*\* Enfòmasyon a dwe date nan mwens pase **katrevendis (90)** dènye jou yo.

Nou ta dwe note ke Distri a kapab kontakte pwopriyetè nenpòt kontra lwaye pou verifikasyon oubyen klarifikasiyon si nesesè.

Dokiman swivan yo **pa kapab** aksepte pou prèv rezidans:

|  |   |
|--|---|
| Bòdwo oubyen Relve ki gen dat depase                         | Pèmi Kondwi oubyen Chanjman Kat Adrès                               |
| Kat Enskripsyon Elektè                                       | Kat Bibliyotèk  |
| Kat Idantifikasiyon Manm                                     | Kourye ki Adrese ak yon Adrès Avan                                  |
| Lèt ki soti nan men Zanmi oubyen Fanmi K ap Reklame Adrès Ou | Kourye Piblisite Jeneral  |
| Deklarasyon Anliy Ki Pa Verifyab                             | Dokiman ki pa montre klèman adrès aktyèl ou ak non legal konplè ou. |

4. **Deklarasyon Enskripsyon Paran (Fè pati Fòmilè Enskripsyon Elèv EH-40 lekòl la founi):** Yon deklarasyon sou sèman ki ateste ke elèv la te nan oubyen sispann oubyen ekspilse pou enfraksyon ki lye ak dwòg, alkòl, zam, lakoz blesi oubyen vyolans nan pwopriyete lekòl la dwe founi pou yon elèv pou li kapab admi nan nenpòt antite lekòl. 24 P.S. §13- 1304-A. Yon lekòl pa kapab refize oubyen retade enskripsyon nan lekòl yon timoun baze sou enfòmasyon ki genyen nan yon dosye disiplinè oubyen deklarasyon sou sèman.
5. **Sondaj sou Lang Ki Pale Lakay (Fè pati Fòmilè Enskripsyon Elèv EH-40 lekòl la founi):** Tout elèv k ap chache enskripsyon pou premye fwa nan yon lekòl dwe resevwa yon sondaj sou lang ki pale lakay li an akò avèk egzijans Biwo Dwa Sivil nan Depatman Edikasyon Ameriken. Enskripsyon elèv la pa dwe retade nan objektif pou administre Sondaj sou Lang ki Pale Lakay la.